



Konsèy pou Preparasyon pou Siklòn

Massachusetts Emergency Management Agency (MEMA) ap raple tout rezidan yo prepare tèt you, fanmi yo, ak lakay yo pou tanpèt twopikal ak siklòn. Sezon siklòn nan se 1e jen pou 30 novanm chak ane.

[Mass.gov/mema/hurricanes](https://www.mass.gov/mema/hurricanes)

Konnen zòn w.

Aprann si w viv nan yon zòn evakyasyon pou siklòn ki kapab inonde pandan yon siklòn epi evakye si yo di w fè sa.


[Mass.Gov/KnowYourZone](https://www.mass.gov/KnowYourZone)



Prepare pou blakawout.

Se pou w genyen yon plan ak founiti pou blakawout pwolonje.

[bit.ly/Powers-Out](https://www.bit.ly/Powers-Out)



Fè yon plan.

Fè yon Plan Ijans Familyal sou kisa pou fè ak kijan pou rete an kontak pandan yon tanpèt. Kreye yon plan pou evakye ki genyen ladan li ki kote w prale, ak kisa ou sipoze pòte.

[bit.ly/Plan4Family](https://www.bit.ly/Plan4Family)



Prepare pou bezwen medikal.

Si ou menm oswa yon fanmi w genyen bezwen, ekipman, oswa trètman mmmmmm espesyal, mete sa yo nan plan w epi pale ak founisè w pou plis konsèy oswa asistans.



Prepare lakay w.

Pran etap pou anpeche dega nan van ak inondasyon. Fè si w genyen detektè lafimen ak monoksid kabòn.

[bit.ly/ReadyHome](https://www.bit.ly/ReadyHome)



Bati yon twous.

Mete founiti fanmi w ta bezwen pandan 3 a 5 jou:

- Dlo nan boutèy ak manje ki pa bezwen refrijere
- Flach, yon radyo ak plis pil
- Chajè telefòn
- Twous premye swen ak medikaman, lòt linèt
- Ekipman medikal espesyal si w bezwen sa
- Atik pou swen pèsònèl
- Fotokopi dokiman enpòtan



Sonje byen: twous ou a pa bezwen koute anpil lajan, epi yo ka bati sou yon peryòd de tan.

[bit.ly/Your-Kit](https://www.bit.ly/Your-Kit)

Prepare pou bèt konpayi ak zannimo sèvis.

Mete manje, founiti, ak lòt atik bèt oswa zannimo sèvis ou bezwen si w oblije evakye.

Rapèl, zannimo sèvis ou toujou gen dwa antre nanabri yo oswa nenpòt lòt kote w ale.



Avan Pandan & Apre Tanpèt Lan

Rete enfòmè.

Siveye mizajou sou tanpèt atravè medya lokal ak mesaj nan men ofisye ijans yo. Enskri pou sistèm 9-1-1 a lanvè lokal ou si kominote w genyen youn.

Epi tou, tcheke pou fè si telefòn w ka resevwa alèt ijans ak sekirite piblik.

[Ready.gov/alerts](https://www.ready.gov/alerts)



Se pou w yon bon vwazen.

Tcheke moun nan katye w ki gen dwa bezwen plis èd avan, pandan, ak apre yon tanpèt.



Koute ofisye ijans yo.

Si yo di w evakye, fè sa touswit.

Si w te evakye, retounen lakay w sèlman lè ofisye yo di w li pa danjere pou fè sa. Tcheke ak ofisye lokal oswa rele 2-1-1 pou jwenn lokalabri ak lòt enfòmasyon pou dezaz.



Kontwole dega pwopriyete w.

Si lakay oswa pwopriyete w domaje pandan tanpèt la, fè foto oswa videyo pou dokimante dega a, ki kapab ede ak pwosesis asirans ak rekiperasyon an.



Lyen Enpòtan:

Massachusetts Emergency Management Agency



[Mass.gov/MEMA](https://www.mass.gov/MEMA)



[Twitter.com/MassEMA](https://twitter.com/MassEMA)



[Facebook.com/MassachusettsEMA](https://www.facebook.com/MassachusettsEMA)

National Weather Service Biwo Boston/Norton



[Weather.gov/box](https://www.weather.gov/box)



[Twitter.com/NWSBoston](https://twitter.com/NWSBoston)



[Facebook.com/NWSBoston](https://www.facebook.com/NWSBoston)

National Weather Service Biwo Albany, NY



[Weather.gov/aly](https://www.weather.gov/aly)



[Twitter.com/NWSAlbany](https://twitter.com/NWSAlbany)



[Facebook.com/NWSAlbany](https://www.facebook.com/NWSAlbany)



Massachusetts Emergency Management Agency

[Mass.gov/mema/hurricanes](https://www.mass.gov/mema/hurricanes)